

TRAFIK MOUN SE YON KRIM

Li pa legal pou fòse w, fè presyon sou ou avèk fo pwomès oswa menase w pou travay oswa gen relasyon seksyèl.

**Liy dirèk nasyonal kont trafik moun:
1-888-373-7888 OSWA voye tèks
“HELP” bay “BeFree” (233733)**



Interagency Task Force
on Human Trafficking

REKONÈT TRAFIK MOUN

Trafik sèks ka gen ladan:

- Yon moun yo ofri yon kote pou l' rete men, apresa, yo fòse l pou l fè sèks.
- Yon travayè nan salon masaj oswa lòt travayè ki te resevwa lòd pou l bay sèvis seksyèl pou peye yon dèt.
- Nenpòt minè ki fè sèks komèsyal.

Trafik pou travay ka gen ladan:

- Yon travayè yo pa t peye e yo te menase l ak fo akizasyon yon krim pou kenbe l kontinye ap travay.
- Nenpòt moun ki oblige travay anba menas vyalans fizik sou tèt li oswa fanmi li.
- Yon anplwayè menase depòte yon travayè si l pa travay plis èdtan gratis oswa pou mwens kòbpase salè minimòm nan.